



# ZIMBABWE: varimi vari kurima vachishandisa zvokuchngetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda dzevarimi vokumaruwa kuti vakunde matambudziko okushanduka kwemamiriro okunze

Munyori mukuru: Boaventura Monjane\*

Mupepeti: La Via Campesina Southern and Eastern Africa and AfrikaKontakt

## Nhungamidzo nemaonero

Zimbabwe inyika inowana mari shoma uye iri pakati pedzimwe nyika uye haina gungwa rayakabatana naro, nyika iri muSouthern Africa, yaimbozivikanwa sedura rezvokudya reAfrica. Munguva yokubva kuna 2000 kusvika kuna 2008 nyika iyi yakasangana nokusagadzikana kwezvemari kwakaomarara zvokuti mari yomunyika yakashaya basa. Zvairwanikwa nenyika kubva pakushanda (GDP) zvakaderera nezvikamu zvaipfuura 40% uye zvokurima zvakaderera (FAO, 2016). Izvi zvakaita kuti pave nokuomerwa pane zvokuwanikwa kwemari uye nezvamagariro evanhu, zvokuti nyika yakatanga kutenga zvokudya kubva

kune dzimwe nyika, uye vanhu vazhinji munyika vakapona norubatsiro rwezvokudya. Pakutanga kwa2000, vaimbova Purezidhendi vakatanga chirongwa choKukurumida Kupa Vanhu Minda (FTLRP muChiRungu, chakaita kuti vapiwe minda yaisvika zvikamu 20% zveminda yose yomunyika, vaRungu vairimira mari vakamanikirwa kusiya minda yavo, uye vakaita kuti pave neminda midiki neminda yepakati nepakati kubva pamapurazimakuru akambenge aripo. Kugadziridzwa kwezveminda kwakauyisa shanduko huru muchikamu chezvokurima, chikuru chacho chiri chokushanduka chemarimiro uye nematengeserwo ezvokudya. Nguva iyi yakasangana nenguva yokunyanya kupisa kwekunze, kusanaya zvakanaka kwemvura uye nokusanaya

\* Nous aimerions remercier **Haidee-Laure Giles** pour ses précieuses contributions à la recherche documentaire, à la relecture et aux commentaires

kwemvura kwemwaka yakatevedzana, zvika-  
ta kuti vanhu vatambudzike kwazvo, kunyan-  
ya vokumaruwa kunova kunogara zvikamu  
62% zvevanhu vomunyika.

Nguva ya2009–2012 yakava nguva yoku-  
simukira zvakare mune zvoupfumi hwenyika  
uye kukura kwezvoupfumi kwakasvika pa10%  
pagore. Kunyange zvakadaro, mushure  
mokumbogadzikana wkezhvinhu, kukura  
wkezhvoupfumi kwakaderera zvakanyanya  
(kubva pa10.6% muna 2012 kusvika pa3.8%  
muna 2014) nokuda kwokuderera wkezhvait-  
engeswa kunze kwenyika, kushayikwa kwem-  
vura inonaya kwakaipisa muna 2012/13,  
uye nokusagadzikana mune zvevatongerwo  
enyika (FAO, 2016).

Zimbabwe ichiri imwe yenyika dzine urombo  
kwavo panyika, zvikamu 72% zvichirama  
upenyu huri pasi pohunotarirwa mun-  
yika yeZimbabwe. Pamusoro pourombo  
hwakanyanya uhu, Zimbabwe ine vechidiki  
vakawanda (zvikamu 67% vane makore 24  
zvichidzika) uye nyika iri kuramba ichitarisana  
nedambudziko rokusawanikwa kwezvokudya  
zvinopa utano hwakakwana (FAO, 2016).

Zimbabwe haina kusiyiwa kunze kwedam-  
budziko rokushanduka kwemamiriro okunze.  
Nyika iyi iri munzvibo yakada kuti omei uye  
inowana mvura isina kukwana uye isinganyat-  
sozivikanwa kuti iri kuzonaya here uye pano-  
goni kuva nokupisa kana kutonhora nguva  
nenguva. Kunaya kwemvura kungoshan-  
duka-shanduka pauwandu uye nepanguva  
yokunaya, zvinoonekwa nokusagadzikana  
kwenguva yokutanga kwemvura kunaya,  
kuwanda kwekunaya kwemvura yakawanda  
panguva imwe chete, kuwanda kwemakore  
okushayikwa kwemvura inonaya, uye noku-  
derera kwenguva dzokunaya kwemvura  
shoma, uye nokuwanda kwenguva dzoku-  
shayikwa kwemvura inonaya pakati pomwa-  
ka wokurima (Unganai, 2009). Zvemamiriro  
okunze zvakaomarara zvemafashanu nez

vokushayikwa kwemvura inonaya zvakanan-  
da (Mutasa, 2008).

Ongororo ino inotarisa kuti varimi vemapu-  
razi madiki nevarimi vokumaruwa vakaitei  
maererano nokushanduka kwemairiro okunze  
muZimbabwe. Zvidzidzo zvakaitei kuma-  
purovhinzi eMasvingo noeManicaland kune  
varimi vari kurima vachitevedza zvokuchen-  
getedzwa kwezvinowanikwa munharaunda  
senzira yokurima nayo inoshandura zvinhu  
uye vachiitawo “zvinofanira kuitwa” maere-  
rano nokushanduka kwemamiriro okunze.  
Pavakatangisa zvidzidzo zvino, veLa Via Cam-  
pesina Southern and East Africa (LVC-SEA),  
Africa Kontakt (AK) neSangano reVarimi Va-  
diki vomuZimbabwe (Zimbabwe Small-holder  
Farmers Forum [ZIMSOFF]) vakada kuratidza  
kuti varimi vemapurazi madiki uye nezvoku-  
maruwa vakaramba vari vanhu vari kukan-  
ganisirwa vasina chavari kutaura. Kunyange  
zvazvo vasina zvokurimisa zvakananana kana  
rubatsiro rukuru runobva kuhurumende,  
zvishoma zvishoma, vari kutora zvinhanho  
zvinoshanda zvokuti pave nokururamisira  
pane zvokushanduka kwemamiriro okunze  
mumaruwa avo.

## Chikamu cheZvokurima muZimbabwe

Zvokurima ndizvo musimbotei hweavokuwana  
mari muZimbabwe sezvo vanhu vazhinji vomu-  
Zimbabwe vari vanhu vanogara kumaruwa,  
vanhu vanorarama nokurima uye nemamwe  
mabasa ane chokuita nokurima. Zvinowan-  
isa mabasa nemari kuzvikamu 60 – 70%  
zvevanhu vomuZimbabwe, zvichipa zvikamu  
60% zvezvinodiwa mumaindastiri uye zvichipa  
zvikamu 40% zvezvose zvinowanikwa pa-  
kutengesa zvinhu kunze kwenyika.. Kunyange  
zvazvo, kune vanhu vanoshanda mabasa  
ezvokurima, mari yanaotambira inokwana  
zvikamu 15-19% chete yemari inowanikwa nen-  
yika pagore (GDP), zvichienderana nokuti

mvura inenge yawanikwa yakawanda sei, uye uwandu uhu hahuratidzi zvakazara kukosha kwemabasa evokurima. Zvinogamuchirwa kuti kana zvokurima zvikasabudirira, zvokuwanyikwa kwemari zvinotambudzika<sup>1</sup>.

Zvirimwa zvinorimwa nevarimi vokumaruwa zvinosanganisira chibage (chokudya chikuru munyika), nzungu, dzimwe mbesa dzakaita semapfunde nemhunga, bhinzi, miriwo, nyama, mukaka nehuni dzokukuhwidza nadzo moto. Varimi vanorima zvokutengesa vanorima fodya, maruva nezvimwe zvakadaro, kofi, chibage, nzungu, mhunga nesoyabhinzi, *masunflower*, uye nemombe dzokubaya, ngurube, mbudzi nehwai.

Kubvira muna 2001, Zimbabwe yanga isingakwanisi kurima chibage chakakwana zvokuti zvinhu zvakapinduka, ikatanga kutenge zvokudya kunze kwenyika, iyo yaimbova nyika yaiva pamberi pakutengesa zvokudya kunze kwenyika muSouthern Africa. Kutu Zimbabwe ikwanise kuwana matani angasvika mamimiri yoni 1.8 (anodyiwa nevanhu uye nezvipfuwo), yava kutotenga zvokudya kubva kuSouth Africa, Zambia neMalawi, idzo dziri kurima zvakati wandei. Kunaynge zvakadaro, nyika idzi dziri kutambudzikawo nokusakwanisa kurima chibage chakakwana, uye Zimbabwe iri kutengawo chibage kubva kuSouth America. Kuderera kwechibage chinorimwa munyika dzakabatana neZimbabwe kuri kuitawo kuti mutengo wechibage ukwire, zvichiita kuti mamiriro ezvokuwanyikwa kwezvokudya ave akaoma. Kurimwa kwegorosi kwanga kuchiderera kubvira muna 2001 uye iye zvino nyika iri kutenge zvikamu 95% zvevatani 450 000 zvegorisi rinodiwa pagore kubva kunze kwenyika. Maererano nezvinotengeswa kunze kwenyika, nyika iri kuramba ichipona nezvinotengeswa zvisoma shoma zvezvicherwa zvinoti goridhe, nickel nengoda, uyewo nefodya (chirimwa chinokunda zvirimwa zvose zvinotengeswa kunze kwenyika). Iye zvino Zimbabwe iri pachinzvimbo chechitanhatu

panyika dzinotengesa fodya kunze kwenyika pasi pano (FAO, 2016)

Chirongwa cheZimbabwe choKushandura ZveMagariro eVanhu uye neZvoupfumi kuti Zvirambe Zvakadaro (*Zimbabwe Agenda for Sustainable Socio-Economic Transformation [ZimAsset, 2013–2018]*) chakatanga muna 2013 sechirongwa chitsva chokuvandudza zvoupfumi. Chinangwa cheZimAsset ndechokutungamirira kugadziridzwa kwezvoupfumi kusvikira muna 2018. MuZimAsset, zvekurima zvinoonekwa sechimwe chezvinhu zvinokosha mukukura kwezvoupfumi uye nomukuwanyikwa kwemabasa. Mutemo unotevedzwa muZimAsset pane zvokurima unoda kuti pave nezvokudya zvakakwana uye zvinovaka muviri pamwero womudzimba uye nepamwero wenyika yose, uyewo nokuona kuti zvokurima zvawanda uye zvava zvepamusoro.

Muna Mbudzi 2013 Zimbabwe yakasayina Chirongwa Chizere choKuvandudzwa kweZvokurima muAfrica (*Comprehensive Africa Agriculture Development Programme [CAADP]*) uye ikava noUrungwa hweZimbabwe hweKuisa Mari mune Zvokurima 2013-2017 (*Zimbabwe Agricultural Investment Plan 2013–2017 [ZAIP]*) kuitira kuti pashandiswe mari mune zvokurima apchitevedzwa zvirongwa zveCAADP. Kunyange zvakadaro, zvirongwa zveZAIP hazvisati zvatanga kuzadziswa nokuti pakashayikwa vatsigiri vanobva kumasangano akasiyana-siyana (FAO, 2016) kuti vazadzise. Pari zvino, Zimbabwe haina urongwa hwemakore akawanda hunotonga zvinoitwa mune zvokurima uye nokuda kwezvokaitika mushure mokutorwa kweminda muna 2000, Urungwa hweMitemo Inotevedzwa mune Zvokurima, 1995-2020 (*Agricultural Policy Framework, 1995-2020*) hahuchashandi. Urongwa hweMitemo Inotevedzwa mune Zvokurima Hwakazara, 2012-32, hutsva (*Comprehensive Agricultural Policy Framework [2012–2032]*) hwakagadzirwa muna 2012 rubatsiro ruchibva kuFAO, asi achiri magwaro chete anofanira kugamuchirwa (FAO, 2016).

<sup>1</sup> Government of Zimbabwe. 2001. *The agricultural sector of Zimbabwe, statistical bulletin*. Harare.

## Kushanduka kweMamiriro oKunze

Maererano neVanoona zveMamiriro oKunze veZimbabwe (*Zimbabwe Meteorological Service, kutohora munyika zuva nezuva kwakakundwa zvingada kusvika pa2.6°C mumakore zana akapfuura uye kupisa zuv nezuva kukanyanya zvinosvika pa2°C mumakore mamwe chetewo (Brown et al, 2012)*). Izvi zvakaita kuti munyika muve nemamiriro okunze akaipa mumakore makumi maviri akapfuura, zvichisanganisira kushayikwa kwemvura inonaya kwemakore 10, kushomeka kwemvura yakachena uye nokuparadzwa kwezviwanikwa (Chakwana, 2015).

Maererano neZimbabwe Power Company, uwandu hwemvura iri muDhamu reKariba, dhamu rinowanisa Zimbabwe mvura kupfuura mamwe ose, hwakaderera zvinosvika pa30%, uye izvi zviri kukanganisa chaizvo kugadzirwa kwemagetsi munyika. Magetsi anogadzirwa pachishandiswa mvura anopa magetsi akawanda kunyika. Kushayikwa kwemvura inonaya mumakore mashoma akapfuura, pamwe chete nokushanduka kwemanayieo emvura munyika zvakaita kuti uwandu hwemvura muKariba huderere. Mvura haichanayi zvakanaka zvokuti kune mamwe maruwa omunyika ve*United Nations Development Programme* vanoti zvokurima – izvo zvinoraramisa vanhu vanosvika zvilamu zvitatu muzvina muZimbabwe – zvinogona kuderera nezvikamu 30%, zvichizoita kuti dambudziko renzara nourombo rikure (Chakwana, 2015). Zvikamu zvokumadokero nezasi muZimbabwe ndizvo zviri kunzi zvichaoma, mamiriyoninemamiriyoni evanhu vachiva nenzara nourombo.

Pane zvokurima, zviri kunzi neveIPCC (2007), nzvimbo dzinogona kurimwa chibage dzichashomeka vanhu pavachasvika kuna 2018, uye nzvimbo dzinogona kurimwa

donje nemapfunde dzichawanda vanhu pavachazosvika muna 2018. Mnnzvimbo dzezasi kwakadziva kumadokero, mapfunde nechibage zvichanetsa kurima nokuda kwekushanduka kwemamiriro okunze asi donje richakwanisa kuramba richirimwa. Kumusoro, pakati nokumabvazuva munyika, chibage, mapfunde nedonje zvichakwanisa kuramba zvichirimwa (Brown et al, 2012).

Varimi vadiki nemhuri dzavo vanonyanya kugon kupinda munjodzi nokuti vane pfuma shoma yokuzoshandisa uye nesimba shoma rokutanga patsva kana zvinhu zakanganiswa nokushanduka kwemamiriro okunze. Varimi vadiki vanofanira kusimbiswa, kunyanya madzimai, uye izvozvo zvinofanira kuitwa nokukurumidza. Kushanduka kwemamiriro okunze kunokanganisa mabasa okupedza urombo uye neokuvandudza budiro uye kunokanganisa kuwanikwa kwezvokudya nokuzvitonga kuzere pane zvokudya uye wo noupenyu hwemadzimai. Nyaya dzine chokuita nokunaya kwemvura kusingagoni kunzi kuchazodai pachionekwa kuti mvura iri kunaya ishoma, kushayikwa kwemvura kuchikanganisa kurimwa kwembesa, kuchikonzera kufa kwezvifufuwo nokuda kwokushayikwa kwemvura uye nemafuro, uyewo kuchikanganisa upenyu whevanhu vanorarama nokurima, uyewo nokuzvitonga pane zvokudya nezvokudya kunovaka muviri. Panofanira kuva nokubatanidzwa kwezviringwa zvokupedza dambudziko rezvokushanduka kwemamiriro okunze zvigoshandiswa muzviringwa zvebudiro mune zvokurima zvenyika uye nezvenyika dzakapoteredza<sup>2</sup>.

Ongororo yakaona kuti pane zvimwe zvinokanganiswa, zvinosanganisira mvura inonaya nedutu, mafashanu, anoparadza misha yevanhu, matanga ezvipfuwo, zvikoro, zvioatara uyewo minda, nzizi nemadhamu, migwagwa nemazambuko. Zvinoitika nokuda kweshanduko yemamiriro okunze muZimbabwe zvichaita kuti kubudirira kumbomira,

<sup>2</sup> Olushola Fadairo; Climate change projects aren't working because communities are left out; Thursday 20 April 2017



kuwanikwa kwezvokudya uye nezvokuda zvinovaka muviri kugokanganiswa, vanhu vagotadza kusangana nedambudziko. Naizvozvo, panofanira kuva nokubatanidzwa kwezvirongwa zvokupedza dambudziko rezvokushanduka kwemamiriro okunze zvigoshandiswa muzvirongwa zvebudiriro mune zvokurima zvenyika uye nezvenyika dzakapoteredza<sup>3</sup>. Chimwe chinhu chinokosha pakupedza dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze ndechokuzadzisa mashandiro evarimi vadiki kwemakore nemakore. Mashandiro aya anosanganisira kuchengetedzwa kwezviwanikwa munharaunda dzevarimi, kurima kunochengetedza ivhu uye nokushandiswa kwevhu kunoita kuti rirambe richishandiswa uye nokuchengetedzwa kwemvura.

Zvakaonekwa kuti vagary vokumaruwa vanosanganisira varimi vadiki nevarimi vokumaruwa uye ndivo vanonyanya kukanganiswa nemamiriro okunze akaoma nokuti havana pfuma yakawanda inogona kuita kuti vasangane nematambudziko aya vagoakunda.

Varimi vadiki muZimbabwe vari kuzadzisa marimiro okuti vanopedza dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze uye nokufambirana nawo munyika dzakabatana nechinangwa chokukurudzira kuwanikwa kwezvokudya uye nezvokudya zvinopa utano, kusimbisa varimi, kupedza matambudziko matambudiko anouya nokuda kwekushandukwa kwemamiriro okunze, uye nokukurudzira kuchengetedzwa kwezviwanikwa (minda nemvura) kunyanya pakati pevagari vokumaruwa. Marimiro anokosha akashandiswa anosanganisira kuchengetedzwa kwezviwanikwa munharaunda, kurima kunochengetedza ivhu, zvokuchengetedzwa kwemvura uye nokuchengetwa kwezvupfuwo.

Zvidzidzo zvakaikwa neBato reNyika Dzaka-siyana-siyana ReZvemari yoKukurudzira Zvokurima (*International Fund for Agricultural*

*Development [IFAD]*) zvinonzi *Mapurazi madi-ki, mabasa makuru: kusangana nokushanduka kwemamiriro okunze kuitira kuti vanhu vasimbe uye pave nezvokudya zvakanwana* zvakaradidza kuti kushanduka kwemamiriro okunze kunogona kuparadza zviwanikwa munyika dzichiri kusimukira pasi pose. Kushanduka kwemamiriro okunze kunoita kuti pave nokuparadza kwemafambiro ezviwanikwa uye kunota kuti zvokurima zvisave nechokwadi zvichiita kuti varimi vadiki, avo vanokosha mukusvika pakuzvitonga kuzere pane zvokudya pasi pose, kuwanikwa kwekudya kunovaka muviri, vaomerwe vatarisana nemamiriro okunze akaoma. Varimi vokumaruwa, kunyanya madzimaj, nevehidiki vanokanganiswa pakarepo nokusayana kwemvura, mafashamu memvura inonaya nedutu, panguva imwe cheteyo avchitambudzwa nokushanduka kwemamiriro okunze kunokonzera kushayikwa kwemvura inonaya inodiwa panguva yokurima uyewo nemombe, kuparadza kwemahombekombe kunokonzerwa nokuwanda kwemvura uye nokuwanda kwemakonye kunenge kusina kutarisirwa.

## Urongwa hwemyika nemitemo inotevedzwa

Zimbabwe ndiyo imwe yenyika dzakatanga kusimbisa Chirongwa cheNyika dzePasi Pose Pamuosoro poKushanduka kweMamiriro okunze (*United Nations Framework Convention on Climate Change (UNFCCC)*) muna 1992. Yakasayinawo mimwe mitemo mikuru yezvenharaunda inotonga zvinhu maererano nokushanduka kwemamiriro okunze inoti: Kyoto Protocol yakasimbiswa muna 2009 nechibvumirano chokuParis chakasimbiswa munguva yapfuura muna Nyamavhuvhu 2017. Nyaya dzokushanduka kwemamiriro okunze dzakaiswawo mumutemo wenyika muna 2009 muMutemo weZvenharaunda dzoMunyika (*2009 National Environmental Policy [NEP]*) asorubatsiro mugadzirisa dambudziko

<sup>3</sup> Olushola Fadairo; Climate change projects aren't working because communities are left out; Thursday 20 April 2017

remweya inopisa muchadenga. Kunyange zvakadaro NEP haina kutarisa nedambudziko tokushanduka kwemamiriro okunze senyaya inogara kukururwa nezvayo iri yoga. Asi dambudziko iri rinoonekwa muzvirongwa nemabasa anoitwa pachizova nemweya inpisa miuchadenga. Pamwe chete neNEP, kune mitemo yakasiyana-siyana inorwisa matambudziko okushanduka kwemamiriro okunze. Mitemo iyi inosanganisira mitemo inoti: Mutemo woKuongorora Zviri Kuitika muNharaunda (1997) (*The Environmental Impact Assessment Policy [1997]*) Mutemo neZvirongwa zveNyika zvoKudzidzisa pamusoro peZviwanikwa (2003), (*the National Environmental Education Policy and Strategies [2003]*) neUrungwa hweZvomoto Kudzivirira noKuzadziswa (2006), (*the National Fire Strategy and Implementation Plan [2006]*). Mimwe mitemo ine chokuita nokugadziriswa kwezvemweya inopisa inoenda muchadenga inosanganisira: Mutemo weNyika pamusoro peMafuta neMagetsi (2009). (*The National Energy Policy (2009)*, Urungwa hweMutemo weZimbabwe pamusoro peZvokurima (ZAPF), *the Zimbabwe Agricultural Policy Framework (ZAPF)*, hunopa makore 25 okuona (1995-2020), Mutemo weZvemvura noMutemo weZveSainzi neMichina.

Kunyange zvazvo mitemo iyi pamwe chete ichitaura pamusoro pokuderredza kukuvadza kwedambudziko, uye nokubatsira kuti vanhu vagadzirire kusangana naro, hainyatsotaura pamusoro pokushanduka kwemamiriro okunze uye naizvozvo inoramba isina kukwana maererano nezviri kutarisirwa kuti ndizvo zvaitika nokuda kwekushanduka kwemamiriro okunze uye nema,uriri okukuvadza kuchaitwa. Nyaya yoKushanduka kwemamiriro okunze kazhinji iri kuonekwa senyaya yechipiri mumutemo uye naizvozvo haigoni kusimbiswa zvakanwana maererano nezvinofanira kuitwa pamutemo kana nezvemari inodiwa. Ichida kugadzirisa mukaha uripo mumutemo, hurumende yeZimbabwe yakatanga kugadzira Urungwa hweNyika hwoKuwana Chokuita noKushanduka kweMamiriro oKunze muna 2011 (*the National Climate Change*

*Response Strategy (NCCRS)*, hukazoviziswa kuvanhu muna 2014. NCCRS inoshanda noUrungwa hweNyika hweZvokuita pakukunda, nokushandirana nedambudziko, pachitwa urungwa hwokuita mabasa akazara pmsusoro pokukunda dambudziko, kushandirana naro, zvemichina, zvemari, pamwe chete nezvokudzidziswa kwewevanhu nezvazvo. Chinangwa ndechokuita kuti “zvekushanduka kwemamiriro okunze zvine chikamu chinokosha muzvikamu zvose zvemabasa okuita mari” (NCCRS, 2014) uye pakazarurwa mukana wokutaurirana pamusoro pokuti pave nomutemo wakazvimirira woga wezvokushanduka kwemamiriro okunze.

Maererano naizvozvi, hurumende yeZimbabwe yakatanga kuronga nezvomutemo uri pamusoro pokushanduka kwemamiriro okunze kumavambo kwa2015. Mutemo uyu unosanganisira chirongwa chokukunda dambudziko, kunyanya mune zvokushandiswa kwemafuta, uye uchizoita kuti zvikamu zvinokosha munyika zvokukurudzirwa kwezvemagariro evanhu uye nokuwanikwa kwemari zvive zvisingazokuvadzwi nokushanduka kwemamiriro okunze.

Hurumende iri kushanda kuti pave nezvinonzi marimiro akachenjera munguva yeokushanduka kwemamiriro okunze (CSA). Kunyange zvakadaro, pachionekwa kuti zvinokanganiswa nokushanduka kwemamiriro okunze, zvinonyanya kukanganisa vanhu vokumaruva vana varombo, uye vasingagoni kukunda kana dambudziko rauya nokuti Havana mari yakawanda yokuti vaite zvirongwa zvokuzadzisa zvirongwa zvokukunda dambudziko, Hurumende yeZimbabwe yakagadzira Chirongwa cheNyika Chokukunda Kushanduka kweMamiriro oKunze (*National Climate Change Response Strategy [NCCRS]*) kuti chitungamirire zvirongwa zvichaitwa nenyika kuti ikunde matambudziko anouyiswa nokushanduka kwemamiriro okunze. Maripoti Vatungamiriri vezvoKushanduka kweMamiriro oKunze vanobva kuNyika Dzakasiyana-siyana (*Inter-governmental Panel on Climate Change (IPCC)*

anoti Africa ichatambudzika kukunda dzimwe nzvimbo panyika pano nokuda kwezvichaitwa nokushanduka kwemamiriro okunze. Kushanduka kwemamiriro okunze kuri kuitika pasi pose zvokuti vanhu vanofanira kushanda pamwe chete kwose kwose kuti vawane zvokuita nezvedambudziko iri zvinoshanda uye zvakakodzera munyika dzakasiyana-siyana zvinomisa dambudziko uye zvichiita kuti vanhu vashandirane naro pachitevedzwa mitemo Musangano wezveKushanduka kweMamiriro oKunze (*Climate Change Convention [CCC]*).

Chirongwa cheNyika Chokukunda Kushanduka kweMamiriro oKunze (*National Climate Change Response Strategy [NCCRS]*) cheZimbabwe chakatanga muna 2011 chinogamuchira kuti zviri kuitika pasi pose nokuda kwekushanduka kwemamiriro okunze zvava kuonekwa zviri pachena nokuda kwekushayikwa kwemvura inonaya kwakawanda, mafashamu, mvura inonaya nedutu uye nemazuva okupisa akawanda. Kushanduka kwemamiriro okunze ndiko chimwe chezvinhu zvikuru zvichagona kukanganisa kubudirira pasi pose, nyika dzichiri kusimukira dziri idzo dzichanyanya kukanganiswa nokuti hadzina mari yakawanda yokuti dzishandirane nedambudziko iri.. Chirongwa cheNyika Chokukunda Kushanduka kweMamiriro oKunze chichitungamirira nyika mune zvichaita kuti ikunde dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze uye chichitungamirira mukubatanidzwa kwenyaya dzokushanduka kwemamiriro okunze neurongwa hwokubudirira kwenyika pamwero wenyika, wemapurovhinzi, pamwero wemaruwa uye nepamwero wepamushaa, kuitira kuti mabasa ose afambidzane<sup>4</sup>.

Hurumende yeZimbabwe inoona kushanduka kwemamiriro okunze sechimwe chezvinhu chiri kuda kukanganisa nyika nevanhu vayo uye inoti kushanduka kwemamiriro okunze kunogona kukanganisa kubudirira kwakawa-

nda kwakaitwa kuti zvirongwa zvokubudirira kwenyika zviridzire. Zvose kushanduka kwemamiriro okunze uye nemitemo yokukunda zviri kuitwa nokushayikwa kwemvura uku kuti zviitike zvine zvokuita zvikuru pamusoro pezvamaagiro avanhu nezvenharaunda<sup>5</sup>. Dambudziko rakatarisana nenyika nderokuti ingaita sei kuti vanhu vave vanowana zvirongwa zvinoenderana nedambudziko kuitira kuti dambudziko riderere uye zvimwe zvakasiyana-siyana uye zvakaoma kunzwisisa zviri kuitiswa nedambudziko zvipere. Chirongwa cheNyika Chokukunda Kushanduka kweMamiriro oKunze (NCCRS) chirongwa chinoda kutarisana nedambudziko iri uye chinodawo kuwana chokuita kuitira kuti chibatsire kuti Chirongwa cheZimbabwe choKushandura ZveMagariro eVanhu uye neZvoupfumi kuti Zvirambe Zvakadaro (*Zimbabwe Agenda for Sustainable Socio-Economic Transformation [ZimAsset, 2013–2018]*) zvichienda mberi chibudirire.

ZimAsset inogamucira kuti nyika inogona kusangana nokushayikwa kwemvura inonaya ueye nemafashamu zvichikonzerwa nokupisa kuri kunyanya panyika pano. Inoonawo kuti kushanduka kwemamiriro okunze kunokanganisa zvokuwanikwa kwemari munyika kubudikidza nezvokurima, zvine vanhu vzinopona nokurima nemvura inonaya, kuchngetwa kwezvipfuwo uye nezviwanikwa. Naizvozvo, hurumende yakaita kute pave neBazi reZvinowanikwa muNharaunda, Mvura neMamiriro oKunze richigamuichira kuti zve-mamiriro okunze zvinokosha uye kuti kushanduka kwemamiriro okunze kunokoshawo mukubudirira kwenyika.

Mushure maizvozvi kwakazouya kugadzirwa kweMutemo weZimbabwe pamusoro poKushanduka kweMamiriro oKunze muna 2013 (Draft Zimbabwe Climate Change Policy). Mutemo uyu hausati wava kushanda.

<sup>4</sup> Zimbabwe's National Climate Change Response Strategy, GOV, 2011

<sup>5</sup> Zimbabwe's National Climate Change Response Strategy, GOV, 2011

Chirongwa cheNyika dzePasi Pose Pamusoro poKushanduka kweMamiriro oKunze (*United Nations Framework Convention on Climate Change*) chakatangisa Homwe yaMari Inokosha yeKushanduka kweMamiriro oKunze (*Special Climate Change Fund (SCCF)*) inozoshandiswa pazvirongwa zvokufambirana nedambudziko, zvokuwanikwa kwemichina uye nokuita kuti vakwanise kuita zvavanoda, zvokuwanikwa kwemafuta, zvokufambisa, zveindastiri, zvokurima, zve masango, zvokuraswa kwezvisingadiwi, uye nezvokubudirir mune zvokuwanikwa kwemari vakasiyana-siyana. Mari iyi inofanira kubatsira imwe mari iri kushandiswa kuti Chibvumirano ichi chizadziswe.

## **Zvivakwa, zvokuti vanhu varume kana kuti vakadzi uye nokuwaniswa kwemukana**

### **Kushayikwa kwezvemvura yokudiridzira**

Zimbabwe inyika yakada kuti omei uye varimi vazhinji vomunyika vanopona nemvura inonaya. Sezvo chikamu chikuru chenyika chichiwana mvura shoma kana inonaya nenzira isingagoni kutsanangurwa kuti ichanaya rinhi. Kudiridzira ndiko kunofanira kutoitwa kuti kurima kubudirire. Nyika inogona kudziridzira mahekita anokwana mamiriyoni 1.5 asi izvi hazvisati zvava kuitwa. Iye zvino mahekita 200 000 chete ndiwo anogona kudiridzirwa (Zawe, 2015). Zimbabwe ine madhamu madiki neari pakati nepakati asiri kushandiswa zvakanwana uyewo nezvokudiridzisa zvomunzvimbo diki zvakafa. Zvimwe chetezvo, kumapurazi makuru akare, kune zvokudiridzira zvinoda kugadzirwa. Hurumende yakataura pachena kuti panofanira kushandiswa mari yakawanda kubatsira zvokudiridzira, kunyanya kugadzirisa zviripo. Asi, kunyange zvazvo mari inopiwa kune zvokudiridzira yakapamhidzirwa mumakore akapfuura, mari yacho ishoma kwazvo, (ichiita kuti pashandiswe mari iri pasi pezvikuamu 3% zvebhajeti rez-

vokurima) uye haikwani (FAO, 2016). Iye zvino pane mabasa ari kuitwa kuti zvokudiridzira zvigadziriswe, mari inodiwa zhinji yacho ichibva kuhurumende, uyewo nokune vanopa rubatsiro zvichibva muzvibvumirano zvenyika dzakawanda kana kuti dzenyika mbiri. Muna 2015/16, hurumende yakapa mamiriyoni US\$7 kuti zvokudiridzira zvukurudzirwe, zvikatana nemamiriyoni US\$8.6 akapiwa nevanobatsira mune zvokubudirira. Pamusoro pezvo, hurumende iri kuzadzisa Urongwa Hukuru hweNyika Hunokunda zveMamiriro oKunze hwokuti Pave neMvura Yakakwana uye neZvokudiridzira, *Climate Resilient National Water Resources and Irrigation Master Plan*, hunoda kuti kushanduka kwemamiriro okunze kuve muurongwa hwezvokubudirira uye nezvokufambiswa kwezvemabasa okuwanikwa kwemvura uye nezvokudiridzira.

### **Zvokuti vanhu varume kana kuti vakadzi nezvimwe zvinosanganikwa nazvo**

Kurwisana nokushanduka kwemamiriro okunze kunogona kupa mukan unokosha wokuti kuenzanisira madzimai maererano nekodzero dzeminda, kodzero dzezvokuwanikwa kwemari nedzetsika nemagariro kuti vave nechokuita panoitwa sarudzo uye nezvamatongerwo enyika<sup>6</sup>. Madzimai hawaniswi mukana wokuwana ruzivo uye nokuita sarudzo. Varume ndivo vari kutonga zvinotwa pamusoro pedambudziko rokushanduka kwemamiriro ezvokunze, kudzikwa kwemitemo uye nezvirongwa zvine chokuita noupenyu hwemadzimai kumaruwa. Madzimai pavanorwira utano hwemhuri dzavo nohwevanhu vomumaruwa avo, vanenge vachirwirawo utano hweNyika. Izvi zvinodaro nokuti madzimai anorarama neminda kuti mabasa avo okurima abudirire.

Kunyange zvazvo madzimai (nevana) vachitarisira kuti vanyanye kukanganiswa nezvokushanduka kwemamiriro okunze, havasi kuwanikwa panoitwa saedzo dzinoitwa pamusoro pokufambira nokushanduka

<sup>6</sup> www.worldbank.org/ Women in Agriculture: The Agents of Change for the Global Food System; March 7, 2017



kwemamiriro okunze, zvidzidzo zvinogona kuitwa pamusoro pokuderedza kuvapo kwedambudziko. Chagutah (2010) anosimbisa kuti zvokuenzanisira madzimai hazvimo muzvirongwa zvemitemo yokufambiswa kwemabasa nokudzivirirwa kwenharaunda nezviwanikwa muZimbabwe. Kunze kwokusimudzira kusaruramisira kumadzimai, kwagara kuripo, izvo zvinokanganisa kuzadziswa kwemitemo, kana pachionekwa kuti kazhinji madzimai ndiwo ane basa guru mukuita kuti vanhu vafambirane nezvinenge zvaitika panjodzi uye kuti vanhu vachararama sei mushure maizvozvo. Sezvo e Urongwa hweNyika hwoKuwana Chokuita noKushanduka kweMamiriro oKunze (NCCRS) hwakaedza kugadzirisa kutaira uku nokumbira kuti pave nezvokururamisira madzimai, nokuita kuti zve madzimai zvigamuchirwe mumutemo wose. Zvokushanduka kwemamiriro okunze zviru kunzi “zviru kukonzera kukura kwekusaenzanisira kuripo kare” (NCCRS, 2014); zvokuti vanhu varume kana kuti vakadzi zvinobva zvanzi inyaya yezvemadzimai. Pamusoro pezvo, muchinyorwa chimwe chetecho, hurumende inobvuma kuti “ruzivo rusinei nokuti vanhu varume kana kuti vakadzi pamusoro pokushanduka kwemamiriro okunze, zvakuri kukonzera, nezviru kuitwa kuti zvinhu zvigadziriswe harusi kuwanikwa zvizere muZimbabwe” (NCCRS, 2014), zvichiratidza kuti pano fanira kuva nerimwe basa rinoitwa kuitira kuti zvirongwa zvizadziswe zvakanakwana panyaya iyi.

### **Varimi vadiki havasi kuwana chokuita chikuru pakudzikwa kwemitemo**

Sangano roMutemo weMamiriro eNharanuda muZimbabwe (*The Zimbabwe Environmental Law Association [ZELA]*) rinosimbisa kuti kukosha kukuru kwokuti vanhuwo zvavo uye nevamwe vane chokuita nezvinenge zvichitika vanofanira kuva nechokuita nokudzikwa kwemitemo yezvokushanduka kwemamiriro okunze mune ramangwana (Brown et al, 2012). Mutemo woKufambiswa kweBasa reZvinowanikwa muNharaunda (*The Environ-*

*mental Management Act*) unoti munhu wose “ane kodzero yokuwana ruzivo pamusoro pezvinowanikwa munharaunda uye nekodzero yokuwana chokuita mukushambadzirwa nokuzadziswa kwemitemo, uye nezvimwe zvirongwa zvinodzivisa kusvibiswa nokuparadzwa kwezvinowanikwa munzvimbo” (EMA, 2002). Maererano naDodman & Mitlin D (2015), kune zvakanakwana zviru kuitwa nemasangano anoda kugadzirisa zvinhu pakati pevanhu (*civil societies*) pamusoro pokushanduka kwemamiriro okunze: Chikwata cheVanhu vomuZimbabwe Vari Kushanda pamusoro pokushanduka kweMamiriro oKunze (*Zimbabwe Climate Change Working Group*) chine zvikwata zveasangano anoda kugadzirisa zvinhu pakati pevanhu zvinopfuura 30 senhengo dzacho uye vanosangana nguva nenguva; uye Sangano Rinobatanidza Vechidiki pamusoro pokushanduka kweMamiriro oKunze rakatangwa muna 2009 kuti rite kuti vechidiki vazive nezvekushandukwa kwemamiriro okunze uye kuti vawane zvokuita mumisangano yenyika, yenyika dzakapoterredza uye neyenyika dzepasi pose pamusoro pezvirongwa zvokushanduka kwemamiriro okunze. Kunyorwa kweUrongwa hweNyika hwoKuwana Chokuita noKushanduka kweMamiriro oKunze (NCCRS) muna 2014 kwakaita kuti pave nokubvunzwa-bvunzwa kwevanhu kuti vataure zvavaida kuti zvive mukunyorwa kweurongwa hwakanakwana hwokupedza matambudziko okushanduka kwemamiriro okunze. Kunyaneg zvakanakwana, basa iri rakatora nguva yakareba uye hazvisati zvaonekwa kuti varimi vadiki, kwete Masangano Asiri eHurumende (NGOs) akasarudzwa, vakabvunzwa. Kune njodzi yokuti zvirongwa zvokufambirana nedambudziko zvenyika zvinenge zvaitwa pasina zvinotaurwa neavo vanozotarisisirwa kuti vazo zvizadzise zvinogona kuzotadza kuzadziswa zvakanakwana, kunze kwokubatsira kuti zvizadziswe.

### **Kushayikwa kwokugamuchirwa kwezviru kuitwa kare munharaunda**

Zvidzidzo zvakanakwana zvakanakwana kuti varimi va-

diki vakatanga mabasa avo okuti vakunde dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze anosanganisira kurima mbeu dzisingadi mvura yakawanda dzakaita semhunga, mapfunde, nzungu, nyemba, sesame, nyimo nemufarinya. Varimi vakatanga kuchengeta mbudzi, hwai, nguruve ne“huku dzepamusha” uyewo nehanga, kana kwava nemvura inonaya shoma. Varimi vadiki vava kuitwo mabasa okuchengetedza mvura okuchere madhamu madiki nematsime.

Nzvimbo yeShashe inopa muenzaniso wakanaka wevarimi vadiki vakakwanisa kuita kuti mararamiro avo ave nani nokufambirana nokushanduka kwemamiriro okunze vakachengetedza mvura, uye vakatanga kuchengeta zvimwe zvipfuwo uye vakatanga kurima mapfunde, rapoko, mhunga, nzungu, nyimo nezvimwe.

Zvidzidzo zvakaraidza mitemo nezvirongwa zvokupedza dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze muZimbabwe hazvisi kuenderana nezviri kukurudzirwa nevarimi vadiki vana nhengo dzeZIMSOFF neLVC. Hurumende nemamwe masangano anodzika mitemo yakakundikana kuona kukosha kwebasa guru ranga richitwa nevarimi vadiki mukunda dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze uye nezvirongwa zvokufambirana nedambudziko. Mabasa aya anosanganisira kuchengetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda dzevarimi, kuzvitonga kuzere pane zvokudya, kurima mbeu dzakasiyana-siyana, kurima mbeu dzakasiyana muminda gore negore, kuchengetedza masango, kurima nenzira inochengetedza ivhu uye nokuchengetedza mvura. Hurumende yeZimbabwe nemasangano epasi pose vakakundikanawo kuona kukosha kwembeu dzepasi chigare uye nokurimwa kwembeu diki dzokumaruwa senzira yokukunda nayo kushanduka kwemamiriro okunze. Hurumende yeZimbabwe iri kuramba ichimanikidzira varimi vadiki kuti vatevedze marimiro emazuva ose anotevedzwa namakambani makuru, anoshandisa mbeu dzakauchikwa, kunyanya chibage,

nemafetiraiza.

Chinosuwisa ndechokusiyiwa kunze kwevarimi vadiki mukugadzirwa kwemitemo, ine chokuita nedambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze, kunyanya madzimai okumaruwa nevechidiki, urombo, kusaenzanisira, nokushayikwa kwemabasa kukuru kuchiripo.

Vanodzika mitemo vanoramba vachimanikidzira mitemo isinganyatsopeda dambudziko rezvokushanduka kwemamiriro okunze pamaonero evarimi vadiki mumaruwa, kunyanya madzimai nevechidiki. Masangano akaita seZIMSOFF ane nhengo uye neLVC nemamwe masangano akadaro vanga vachirwisa kuti pave nemarimiro anobatsira varimi vokumaruwa varombo, akaita sokuchengetedza zvinowanikwa munharaunda dzevarimi, kuzvitonga pane zvokudya, kurima mbeu dzakasiyana-siyana, kurima mbeu dzakasiyana-siyana muminda gore negore, kuchengetedza masango, kurima nenzira inochengetedza ivhu uye nokuchengetedza mvura uye nokukurudzirwa kweturimwa kwembeu dzechinyakare nembeu diki.

Hurumende yeZimbabwe nemasangano anodzika mitemo yakakundikana kuona kukosha kwebasa ranga richitwa nevarimi vadiki mukupedza dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze sezvaratidzwa pamusoro. Hurumende yeZimbabwe yakakundikawo kuona kukosha kwembeu dzechinyakare uye zvokurimwa kwembeu diki senzira yokurima vanhu vachisara vakasimba, asi iri kungoramba ichimanikidzira varimi vadiki kushandisa mbeu dzakauchikwa, kunyanya chibage.

## **Zvakawanikwa, hurukuro nemashoko okupedzisira**

Sangano rezvematongerwo enyika rezvokuchengetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda dzevarimi rinotsigirwa neLa Via Campesina rakabvumira varimi pasi pose kuti vawadzane vachishandisa madzidzisiro okuti

murimi anodzidzisa mumwe murimi (Rosset et al., 2011). Izvi zvinobatsira varimi kuti vadzidze mumwe kubva kuno mumwe uye kuti vatangise kushandisa marimiro avanoona kuti anobatsira, kunze kwokumanikidzwa nevari kumusoro, kushandisa marimiro asina hanya nezviri kuitika munzvimbo, zvetsika namagariro, kana zvevatongerwo enyika. Sangano rinopa maonero ezvevatongerwo enyika pakutarisana nokushanduka kwemamiriro okunze, richikurudzira varimi kuti vane zviri mberi kupfuura zviri kuitika panguva ino pane zvokushanduka kwemamiriro okunze, uye rinoedza kuudza vanhu pamusoro pezvinhu zvevatongerwo evanhu nezvemari zviri kukurudzira kutambudzika kwavo.

Chinangwa chinokosha cheLVC ndechokuita kuti nhengo dzigone kuziva vanhu nezviri kukanganisa kururamisira pane zvokushanduka kwemamiriro okunze uye nokugon kwevarimi kukunda dambudziko rokushanduka kwemamiriro ezvokunze, pamwe chete nokudzidza nguva nenguva marimiro dzinobatsira kugona kwavo kufambirana nedambudziko uye kuti vave vakasimba, kunyanya zvokuchengetedza zvinowanikwa munharaunda dzevarimi. Zvinogona kuitwa nenhengo dzeLVC kuti dzibate sangano rezvevatongerwo enyika rokuchengetedza zvinowanikwa munharaunda dzevarimi ndizvo zvakanga kuonekwa nebasa rino rokuongorora zvikutika munzvimbo nenzvimbo.

### **Nzvimbo dzakaitirwa zvidzidzo**

Basa rokushanyira vanhu raakshandiswa pakunyora chinyorwa chino rakaitwa pachishandwa pamwe chete neSangano reVarimi Vadiki Vanoshandisa zvinobva mulvhu, ZIMSOFF - *Zimbabwe Small Holder Organic Farmers Forum*, sangano rine nhengo 19 000. Zvakawanikwa zviri pazasi zvakawanikwa kubudikidza nokubvunzwa kwevanhu kwakanga kwakarongeka muchidimbu, pamwe chete nokubvunzwa kwevanhu kwakanga kwakanangana nemisoro yenyaya, apchibvunzwa varimi 12, vanova nhengo

dzeZIMSOFF, mumazuva mana. Izvi zvakaitewa muna Chivabvu 2017, mumapurovhinzi maviri eManicaland neMasvingo, ari Pakati/Zasi kwakadziva kumabvazuva kweZimbabwe. Masvingo inowanikwa muchikamu che4-5 uye Manicaland iri muchikamu 5 (FAO) uye zvikamu zviviri izvi zviri pakati pe *“mvura inonaya kuchimboshayikwa mvura inonaya uye nokuoma chaizvo kwechinguva panguva yokunaya kwemvura”* no *“kunaya kwemvura kwokuti pamwe yanay pamwe haina”* (FAO). MuZimbabwe mune zvikamu zvevatongerwo okunze zvisiani. Mvura yakawanda inonaya muchikamu 1 ichishomeka kusvika kuchikamu 5. Chikamu 4 inzvimbo yokungorima zviri pakati nepakati asi zvakasimba kwosarima zvakadzam uye chikamu 5 hachisi chokurima zvakadzama. Kunyange zvazvo nzvimbo iyi yakanyanya kuoma zvokuti zvirimwa hazvingarimw, varimi vanorima mbeu kuti vawane zvokudya uye nezvimwe zvokutengesa zvakaita sedonje. Chibage chinorimwa muminda inosvika zvikamu 40-50% zvevinda inorimwa munzvimbo mbiri idzi. Munzvimbo mbiri idzi varimi vanokohwa zvisoma chaizvo, uye yokushaya chokukohwa ihuru kwazvo.

### **Zvakaonekwa maererano nokushanduka kwemamiriro okunze**

Chinhu chikuru cakabuda mukubvunzwa chaiva chokuti mamiriro okunze akanga asvika pokuti vanhu vakanga vasingazivi kuti aizova akadii. Dambudziko raiva rokuti mvura yainonoka kunaya uye isingazonayi kwenguva yakareba, kana kuti yaikurumidza kuuya zvichizoita kuti marimiro enguva dzose akangniswe. Pagore zvavapo ndezvokuti kushayikwa kwemvura inonaya munzvimbo idzi zvokuti varimi vava kukohwa zvisoma. Vazhinji vakabvunzwa mibvunzo vanoti matambudziko aya akatanga gumi ramakore akapfuura, kunyange zvazvo vamwe vaiyeuka kuti zvakanga zvatanga mumakore akanga apfuura kupfuura gumi. Mumwe wemasadunhu enzvimbo dakashanyirwa akati, *“Hatichavimba nemvur. Kubvira kuna 2000, pne dzimwe nguva taiti tikakurumidza kudyara, mbeu*

*dzorega kusvika pakukohwa. Pane dzimwe nguva mbeu dzinenge dzanonoka kudyrwa dzaitadza kusvika pakukohwa. Zvinhu hazvichanyanyoonekwa kuti zvingafamba sei.*” Vakayeuka kuti vanhu vomuwadhi yavo vaiita nzara sei vachizopona nezvokudya zvokupiwa. Pamusoro pezvo, vakati kushayikwa kwemvura rimwe gore kwaigona kuuraya zvipfuwo. Vaitofanira kuenenda nezvipfuwo kure kure kwainge kune mvura, uye zvipfuwo zvaigona kutadza kurarama kuti zvifambe rwendo irworwo, izvizvaiitika kumombe kunyanya. Dunhu vakati izvi zvaizoita kuti mombe dzitengeswe nomutengo wakaderera.

### **Kurarama maererano nedambudziko riripo**

Nokuda kwekushayikwa kwemvura kwakauyiswa nokushanduka kwemamiriro okunze, kuchengetedza mvura kwava chinhu chinokosha. Naizvozvo, varimi vakabvunzwa mibvunzo vakataura nezvokukosha kwokurima mbeu dzisingadi mvura yakawanda, uyewo nokurima marimiro anochengetedza ivhu. Chimwe chinhu chavakasarudza kuita chiva chokusapisa uswa, sezvaichiwanzoitwa, nokuti usw mumunda hunobatsira kuti unyoro hura mbeu huri muvhu uye ivhu hariziyeredzwi nemvura painonaya. Kushandiswa kwokurima mbeu dzakasiyana-siyana mumamiriro anochengetedza zvinowanikwa munharaunda nevarimi mamwe marimiro akashandiswa kuti pave nokuchengetedzwa kwemvura.

Marimiro anokosha akashandiswa nomumwe murimi akati akashandisa zvaakaodzwa neveZIMSOFF pamusoro pezvipfuwo zvokuchengeta. Varimi varombo vazhinji vanowanzengeta upfumi hwavo muzvipfuwo zvichireva kuti kufa kwezvipfuwo zvavo kunge kuchireva kuti vanenge vasisina pfuma. Mumwe wevarimi akati akabatana nevamwe kuti vagadzirise dambudziko iri, Vakatenega pamwe chete mbudzi dzinova dzisingadi mvura yakawanda zvichireva kuti dzinogona kupo kakwashayikwa mvura inonaya. Pamusoro pezvo, zvipfuwo izvi zvinopa mupfudze unogona kushandiswa muminda. Izvi zvinoko-

sha nokuti mafetiraiza anotengwa muzvitoro anodhura uye anofanira kushandiswa gore negore kuti ivhu rirambe rine kudya. Mumwe murimi akati, *“Kana ndikashandisa fetiraiza nhasi, uye mangwana ndikashaya mari handizogoni kushandisa minda yangu.”* Ivhu rinenge rapedzwa simba nokushandiswa kwemafetiraiza rinogona kuwaniswa simba kana mupfudze ukashandiswa, asi amererano nevarimi, kugadzirwa kwekudya muvhu uku kunogona kutora makore matatu kuti murimi azokwanisa kukohwa mbesa dzakanaka.

Varimi vose vakabvunzwa mibvunzo vakadzokorora kukosha kwekurima mbeu dzakasiyana-siyana kunze kwekurima mbeu imwe chete yakaita sechibage chimodyiwa munzvimbo iyi. Zvakaonekwa kuti mbeu dzakasiyana-siyana dziva nezvadzakanga dzakanakira. Kurima mbeu dzakasiyana-siyana kwaiva kwakanakira kuti kana kusina kunaya mvura yakawanda murimi aigona kukohwa. Mhunga yakanakira kuti inogona kuchengetwa kwemakore 9. Pamusoro pezvo inotora nguva shoma kuti isvike pakukohwewa, zvichireva kuti haigoni kukundwa nedambudziko remvura inenge isina kunaya kwemwaka wose. Vamw varimi vakanyatsotaura kuti kurima mhunga kunobatsira pakukunda dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze, vakati: *“Tiri kukunda dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze nokurima mhunga nokuti tinogona kuichengeta kwemakore akawanda.”* Zvimwe zvirimwa zvakarimwa nokuti zvinogona kukohwewa mushure mokunaya kwemvura shoma zvinosanganisira mapfunde, Mumwe murimi akati, *“pakuzvidzivirira, chokutanga kurima mbeu dzokudya dzakasiyana-siyana,”* uye *“chibage chinogona kukundwa chaizvo nokushayikwa kwemvura,”* zvikaratidza kuti kurima mbeu dzakasiyana-siyana kunosimbisa varimi. Mafungiro aya akadzokororwa kakawanda navarimi vakaratidza kuti rimwe dambudziko rechibage raiva rokuti chakanga chisingagoni kuchengetwa kwenguva refu kupfuura zvirimwa zvose, pasina kushandiswa kwe“mishonga” inodhura, kwegore rimwe chete. Pamusoro pezvo, zvakaonekwa kuti chibage



chinorwiswa nemakonye nezvimwe zvirw-  
ere kupfuura dzimwe mbesa. Zvakanakira  
chibage zvakataurwa nezvazvowo. Mumakore  
akanga asinganetsi kuziva kuti mvura iri ku-  
zonaya, zvaigoneka uye zvaidiwa kuti murimi  
arime chibage nokuti ndicho chirimwa chisina  
basa rakawanda pakurima.

Kurimira kutengesa zvinhu zvose kwakaone-  
kwa nevashinji kuti kwakanga kune njodzi,  
nokuti kwaionekwa semarimiro okupona  
nevanotengeserwa. Kurima chirimwa chim-  
we chete kwakaonekwa sokune njodzi apne  
zvemari, uye mumwe murimi akati: *“Murimi  
ava mushandi muindastiri, mapurazi chete ndi-  
wo anoripira zvikwereti.”* Maererano nevanhu

vatakabvunza mibvunzo, vazhinji vevarimi  
vanorimira kutengesa zvinhu vanorima fodya  
nedonje, uye Havana chokupona nacho kana  
mvura ikashayikwa. *“Munzvimbo dzvinonaya  
mvura yakawanda, vanhu vanowanzorima zvo-  
kutengesa. Havarimi dzimwe mbeu dzakaita  
senzungu, mhunga, mapfunde, nenyemba, so-  
muenzaniso. Vanorima mbeu imwe chete uye izvi  
zvine njodzi pane zvokuwanikwa kwezvokudya  
zvemhuri uye nokuzvitonga pane zvokudya.”*

Chinhu chinokosha chakaonekwa nevrimi  
ndechokuti panguva dzokusava nechokwadi  
nokunaya kwemvura, kurima zvinokwana  
mhuri ndiko kunokosha, nokuti kurima zvo-  
kutengesa kunze kwenyika pachishandiswa

## *Chirongwa chitsva cheUpenyu Ivhu chokuchengeta mvura*

*Nhengo 18 dzechikwata chevarimi vadiki chinonzi Upenyu Ivhu chakavawo muchirongwa (chaiva nemadzimai 12 uye nevarume 6). Ongororo iyi yakaitwa munzvimbo yeMurowa kudunhu reRunde, uko vanhu vazhinji ikoko vagary vomumaruwa vanochengeta mvura, vanorima vachishandisa zvinhu zvakaita somupfudze uye vanochengeta zvipfuwo zvakasiyana-siyana. Nhengo dzechikwata ichi dzakashanda nomushakabvu Zephaniah Phiri, mumwe wevarimi waitanga zvinhu zvitsva aizivikanwa so ‘Mukohwi wemvura’ kuti vatangise Chikwata cheVarimi Vanotanga Zvinhu Zvitsva muna 1989 (the Upenyu Ivhu (Life is Soil) Farmer Innovators’ Group).*

*Munguva ino yokunaya kwemvura kusina chokwadi, varimi vadiki ava vari kushandisa kuchengetdzwa kwemvura vachiunganidza mvura kunosanganisira kucherwa kwemadhamu madiki uye nemadhunduru akadzika kuti vachengete mvura iri kunetsa kuwana. Mumwe murimi akati, “Hatibvumiri kuti mvura ingoerera nomuminda yedu; timochengeta madonhwe ose. Tinochengeta mvura inoerera kubva kumatombo, kubva kumigwagwa uyewo painonaya, tinoichengeta mumadhunduru atakachera.”*

*Madhamu akabatsirawo varimi kuti vachengete hove dzokutengesa, idzo dziri kubatsira mhuri kuwana kudya kunovaka muviri uye nemari, naizvozvo vachisimudzira zvokuwanikwa kwemari uye nokurarama kwavanhu. Ichi chirongwa chitsva chevarimi chakanga chisingagoni kuitika kare munzvimbo iyi isingawani mvura yakakwana uye yokuti kana yanaya hainayi wkemakore akawanda, asi kwazvino kugadziriswa kwezvinhu nevanhu vomunharaunda kwakashanda, vanhu pavakaona dambudziko somukana wokuita zvimwe zvinhu.*

*Maererano nomwe murimi, basa rokuchera madhunduru rinoitwa zvishoma zvishoma uye dunduru rimwe chete rinogona kutora gore kutichera, zvichienderana nokuti rinenge rakakura zvakadii. Kunyange zvakadaro, zvinozowanikwa pabasa iri zvakanaka kwazvo nokuti varimi vakwanise kukunda matambudziko okushomeka kwemvura munzvimbo yavo.*

*Mvura yomudhamu inoita kuti mvura iri pasi iwande uye isimukire. Ivhu rinobva rawana unyoro zvokuti zvirimwa zviri munzvimbo yakapoteredza zvinogona kukura kusvika pakukohwewa kunyange kukasanaya mvura yakakwana. Mvura inenge iri mudhamu inoita kuti varimi vakwanise kuita mapindu emuriwo gore rose zvichiita kuti pawanikwe zvokudya zvakasiyana-siyana.*

mbeu dzokutengesa kune njodzi. Kusafarirwa kwekurima zvokutengesa nokuda kwe zvinhu zvinofanira kutengwa gore negore zvakaita semafetiraiza nembeu dzakauchikwa kwakawonekwa pakuti varimi vazhinji vaisarudza kuchengeta zvirimwa zvaipfuura zvavaida kushandisa mugore rakanaka pano kuzvitengesa. Varimi vashoma ndivo vakatsanangurawo kuti vaizopa vavakidzani vainge vasina kukohwa zvakanaka, vachiratidza kuti hvapindirani nemaonero okuti zvokudya zvinofanira kuonekwa nezvinhu zvokutengesa.

### **Kurwira Kuzvitonga pane Zvokudya**

Chinzvimbo chechibage sechokudya chinokosha kukunda zvole chinogona kubva pakutsigirwa kwechirimwa ichi navarimisi vehurumende, avo vakakurudzira varimi kuti vadyare chibage kubvira kuna vana1960, maererano

nomumwe murimi. Kunyange zvakadaro, murimi mumwe cheteyo akati, kushanduka kwemamiriro okunze, izvi zvinoita sokuti zvava kushanduka. Patakabvunza mumwe murimisi mibvunzo, akasimbisa izvi achiti chibage chinokosha, asi vanhu vanofanira kurima mbeu dzakasiyana-siyana. Akasimbisawo kukosha kwokurima mbeu dzinokurumidza kuibva, uye chibage chinokurumidzawo kuibva. Achisimbisa kurimwawo kwembeu dzakasiyana-siyana, murimisi uyu ari kuratidza kuti zvinoitwa nevarimi zvinogona kuratidza hurumende zvinofanira kuitwa. Zvaknga zviriwo pachena kuti varimi vadiki vari kuedza zvinhu zvitsva vachida kuti vawane kuzvitonga pane zvokudya, uye vari kuratidza varimisi zvavakaita zvinogona kushanda. Mumwe murimi akataura izvi achiti: *“Iye zvino varimisi vari kuona zvinhu izvi nokuti tiri kuvasunda.”*

## ***CHIEHA, Sangano reVarimi Vadiki riri kurwira kururamisira pane zvokushanduka kwemamiriro okunze***

*Sangano reChibememe roKuporesa Nyika (Chibememe Earth Healing Association [CHIEHA]) rinowanikwa muwadhi 1 pasi pashe Gudo vokuChiredzi, muDunhu reMasvingo. Nzvimbo iyi inotevedza mahombekombe oRwizi Save urwo runoganhuranisa Chiredzi neChecheche yokuManicaland. Naizvozvo sangano revarimi vadiki iri rakava chikamu choKumabvazuva muZIMSOFF. Sangano revbarimi vadiki iri rinowanikwa makiromita 91 kumabvazuva wkeguta reChiredzi. Riri muchikamu 5 chezvokurima munowanikwa mvura shoma shoma kwazvo ri pasi pe300mm inowanikwa mumwaka wose wokurima. Chikwata ichi chine nhengo 36, madzimai vari 26.*

*CHIEHA isangano revarimi vokumaruwa vanoda kuchengetedza ivhu uye nokuita kuti upenyu hwevarimi hwasimudzirwa, rakatngwa muna 1998 kumaruwa ZAsi kwakadziva kuMabvazuva kweZimbabwe. CHIEHA isangano rakawana mubayiro kubva kuSangano reNyika dzePasi Pose muna 2004 unonzi United Nations Equator Initiative Prize Winner, pachionekwa kuti vakanga vashanda kwazvo mukuchengetedza ivhu nezviwanikwa uyewo mukupedza urombo: <http://www.undp.org/equatorinitiative/secondary/2004-finalists.htm>*

Varimi 36 (madzimai 26 nevarume 10) vakabvunzwa mibvunzo inhengo dzeCHIEHA dzinobva kumawadhi akasiyana-siyana. Varimi vakataura pamusoro pemabasa avo okuti vapedze dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze kubudikidza nokurima mbeu dzepasi chigare dzinogona kukunda kushayikwa kwemvura yakakwana., muZimbabwe uye nedzimwe nyika dzakapoteredza, kushandiswa kwemvura nevhu kunita kuti zviwanikwe kwenguva refu, nokurimwa kwembeu dzakasiyana-siyana kuti vasvike pakuzvitonga kuzere pane zvokudya. Varimi vazhinji vakatanga kurima vachishandisa mupfudze uye vari kurima mbeu dziki dzisingakundwi nokushayikwa kwemvura yakakwana. Vari kushandisa mupfudze wemombe, mayowa emashizha, nemakombositi muivhu ravo kuitira kuti ivhu rvo rirambe rine upenyu uye rigochengeteda unyoro hushoma huri kuwanikwa gore negore. Panzvimbo pavanenge vabudirira kuchengeta mvura, varimi vari vane mapindu emichero, somuenzaniso, mabhanana, maavocado, mango nemimwewo.

Chimwe chinhu chisingawanikwi kune dzimwe nzvimbo ndechokurwira kwavanoita kururamisira pane zvokushanduka kwemamiriro okunze. Vanonzwa kuti kuva kwavo pedyo neindastiri yeGreenfuel yokuagdzira mafuta emotokari nenzimbe muChisumbanje, iro iri kusvibisa zviwanikwa zvomunharaunda yavo sevanhu vari kuona zvinoitwa nokushanduka kwemamiriro okunze.

Chimwe chinhu chakabatana nedambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze nderokutorerwa minda kwavakaitwa pasina muripo, izvo zvinoitika kana zvirongwa zvakadai zvichiitwa, varimi pavanomanikidzirwa kuenda kunogara kunzvimbo dzisinganayi mvura yakawanda, nzvimbo dzavasingadi. Pamusoro pezvo, nhengo dziri kufungidzira kuti muna Save muchadirwa muchetura wemishonga inoshandiswa uchaipisa mvura yavanoshandisa mudzimba, kupaombe uye nenharaunda. Mumwe murimi akati, "Isu tinoona zvinhu zvinoita kuti pave nokushanduka kwemamiriro okunze. Kubva kuMarcdom nokuARDA tinoona kusvibiswa kwemvura yedu uye tiri kufunga kuti ndizvo zviri kuuraya zvipfuwo zvedu nokuti tasara tisisina mafuro.

Takataura navakuru vakuru vomuruwa rwedu pamusoro pematambudziko atiri kusangana nawo, asi hapana hapana shanduko yakaitika. Chokwadi ndechokuti zvinhu zvakatonyanya kuipa. Kunyange zvakadaro, tiri kuramba tichitaura nevanodzika mitemo pamusoro penyaya idzi, panguva iwme cheteyo tichirima nenzira yakanaka uye tichiunganidza umbowo. Tinonyunyuta tichishandisa zvinonekwa kuitira kuti tiratidze zviri kuitika chaizvo. Pamusoro pezvo, tiri kushanda chaizvo kuti vamwe vanhu vabatane nesu kuti pave neshanduko pagova nemitemo yakanaka inoremekedza zvido zveavo vakakanganisirwa. Tiri kutarisira nyika yokuti kodzero dzokutanga dzevarimi vadiki sedzokudya kwakachena, mhepo yakachena uye nemvura yakachena dzinoremekedzwa

Kunyange zvakadaro, kungoti mbeu dzakuchikwa ndidzo chete dzinofanira kushandiswa kunogona kukanganisa kubudirira kungangovapo. Mumwe murimi akataura nezvokurwira kushandiswa kwembeu dzepasi chigare patakakurukura nezvokugamuchirwa kwembeu uye nomutengo wadzo. Akati: "Ndizvo zvatiri kurwisa. Tiri kurwira mitemo yezvembeu inodzivirira mbeu dzedu dzepasi chigare." Izvi zvnoenderana noKuzvitonga kuzere pane zveMbeu. Zvechokwadi, murimisi

paakabvunzwa kuti hurumende inowana kupi chibage chainopa kuvanhu, akapindura achiti chinotengwa ku"makambani". Paakabvunzwa kuti anokurudzira mbeu dzakauchikwa, akabvuma kuti anodzukurudzira, asi akatiwo hadzifambirani nemarimiro anochengetedza zvinowanikwa munharaunda dzevarimi. Akaratidza zvakare maonero ezvokuchengetedza zvinowanikwa munzvimbo dzevarimi ane chokuita nebasa chete, (kwete zve matongerwo enyika). Saka, kunyange zvazvo

pava nokushanduka okuti hurumende yava kutsigira zvishoma mbeu dzemadzitateguru, chibage ndicho chichiri kunyanya kukurudzirwa nevarimisi. Rimwe rematambudziko akataurwa nezvawo navarimi raiva roku-ti *“hurumende inotsigira kurimwa kwembeu dzakauchikwa chete. Ichocho chinogogona kushandiswa kamwe chete.”* Tlyi inyaya yokuti hurumende iri kumanikidzira kushandiswa kwembeu dzakauchikwa, dzinosanganisira dzimwe mbeu dzakaitwa kuti dzikunde kushayikwa kwemvura yakakwana, uye dzinokurumidza kuibva Rutsigiro urwu kuzvidzo nokusimudzirwa kwembeu idzi dzinobva kune dzimwe nyika kwakaita kuti mumwe murimi ati, *“mchibage chava nezvamatongerwo enyika mukati”*.

### **Murimi achidzidzisa mumwe murimi uye nemaonero ezvamatongerwo enyika ezvokuchengetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda dzevarimi**

Kubudikidza neongororo ino, takaura kuti marimiro mazhinji akadzidzirwa murimi paaidzidzisa mumwe murimi, uye izvi zvakagonekwa nokuti vaiva nhengo dzeZIMSOF. Madzidziro aya akakosheswa kwazvo nevarimi vatakabvunza mibvunzo, vazhinji vavo vakati sangano raifanira kuramba richiita kuti zvirongwa zvakadai zvirame zvichiitwa. Mumwe murimi akati: *“Kana ukaramba uchifamba nenziira yako woga uchatambudzika. Zvatinodzidza tinogoverana nevamwe. VeChikoro cheShashe chezvokuchengetedza Zvinowanikwa muNharaunda dzeVarimi (Shashe Agroecology School) vakatikoka kuti tizodzidza kwavari.”* (Shashe Agroecology School inzvimbo ine mahekita 184 yakasarudzwa kuti ive nzvimbo inodzidziswa zvokuchengetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda dzevarimi, nevarimi vakanga vasina minda munguva yechirongwa chehurumende yeZimbabwe, Chirongwa choKugadzirisa zveNyika Nokukurumidza (Fast Track Land Reform Program) mupurovhinzi yeMasvingo, Zimbabwe (La Via Campesina, 2015).

Mumwe wevarimi akafarira kukurudzirwa kwembeu dzinogona kuibva mushure mokunaya kwe200mm emvura. Mumwe akati akadzidza nezvokurima mbeu dzakasiyana-siyana, gore negore (*crop rotation*) apanguva dzokudzidziswa uye nokugoverana ruzivo, uye varimi vose vakabvunzwa mibvunzo vakarega zvokupisa sora uye vakatanga kuchengeta zvipfuwo zvidiki mushure mokuenda kumisanganano yeZIMSOF. Pamusoro pezvo, chinyorwa cheLa Via Campesina neZIMSOF chakashandiswawo, varimi vose vakadzidziswa zviri kuitika nokuda kwokushanduka kwemamiriro okunzeuye nokuwanikwa kwezviwanikwa zvakaita seminda posina kuvhiringidzwa kwevanhu. Izvi zvakanga zviri pachena mumatauriro evarimi.

Vazhinji vakabvunzwa mibvunzo vaiziva pamusoro pemashoko akaita sokuchengetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda dzavarimi nekuzvitonga pane zvokudya, asi vashom andivo vaiziva nezvokukuramisira pane zvokushanduka kwemamiriro okunze. Pavaitaura pamusoro pezvokuchengetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda, vazhinji vakasimbisa *marimiro* ataurwa nezvawo pamusoro: kushandisa mupfudze pachinzvimbo chefetiraiza; kuchengetedza ivhu nezviwanikwa mumunda zvichisanganisira kuchengetedza uswa, miti uye nokurima mbeu dzakasiyana-siyana, kuchengetedza mvura, nezvimwe. Pavakataura nezvokuzvitonga kuzere pane zvokudya, nyaya yezvokutongwa kwezvembeu dzinodyarwa uye nokudyiwa kwadzo mudzimba senyaya yematongerwo enyika ndiyo yakabuda. Kudyarwa kwembeu dzakasiyana-siyana kwakaonekwa maerano nokubatsira kwazvo kuti vanhu vave noutano hwakanaka, chinhu chakakurudzira kwazvo varimi pavakaona kuti kurimwa kwembeu imwe chete, kudyarwa mkwembeu dzakauchikwa, uye neindastiri yezvokurima zvinokuvadza nharaunda, uyewo noutano hwavo nevamwe vanotenga (vanogona kunge vari varimi vaenenge vasarudza kurima mbeu dzokutengesa) kunyange zvazvo murimi mumwe chete ari iye akataura zvose izvi.



## *Madzidzisiro okuti murimi anodzidzisa mumwe murimi paChikoro cheShashe chezvoKuchengetedza Zvinowanikwa muNharaunda dzeVarimi*

*Chikoro cheShashe chezvoKuchengetedza Zvinowanikwa muNharaunda dzeVarimi (Shashe Agroecology School) inzvimbo ine mahekita 184 yakasarudzwa kuti ive nzvimbo inodzidziswa zvokuchengetedzwa kwezvinowanikwa munharaunda dzevarimi, nevarimi vakanga vasina minda munguva yechirongwa chehurumende yeZimbabwe, Chirongwa choKugadzirisa zveNyika Nokukurumidza (Fast Track Land Reform Program) mupurovhinzi yeMasvingo, Vechirongwa vakashanyika nzvimbo iyi uye nhengo 30 (madzimai 21 nevarume 9) vakava muchirongwa. Chikoro cheShashe chezvoKuchengetedza Zvinowanikwa muNharaunda dzeVarimi chikamu chezvikoro 40 zvoKuchengetedza Zvinowanikwa muNharaunda dzeVarimi zveLVC zvinowanikwa panyika pano pose. Nzvimbo yeShashe inzvimbo yakakodzera iri pamusoro pokuti varimi vadiki vakakwanisa sei kugadzirisa zvinhu kuti vawkanise kushandirana nedambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze kubudikidza nokudzidzis nenzira yokiuti murimi anodzidzisa mumwe murimi uye nokushanyirana. Gumi nemaviri ari kuvaka nzvimbo dzinganzi "nzvimbo dzokugona basa" pachazoratidzwa nzira dzakanaka dzokuchengetedza mvura, kugadzira mupfudze, kurimwa kwemiti, kurimwa kwembeu dzakasiyana-siyana uye nokuchengetwa kwezvipfuwo zvakasiyana-siyana uye nokurimwa kwembeu diki dzakaita semhunga, rapoko, mapfunde, nzungu, nyemba, nezvimwe.*

*Chikoro ichi chinokurudzitra kuti murimi adzidzise mumwe murimi uye vagoverane ruzivo avchita pave noruzivo runoenda mudenga uye nokumativi ose, panguva iyoyo vachidzidzisa varimi vadiki pamusoro poKuchengetedza Zvinowanikwa muNharaunda dzeVarimi, uye nemarimiro anogona kuitwa kwenguva refu senzira yokupedza dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze munharaunda. Nhengo dzine zvirongwa zvokuita kuti murimi "atarise kuno mumwe murimi agodzidza" pavanenge vachishanyirana, vagoita misangano sezvikwata uye vagoratidzira mbeu pamisangano yokuratidzira, nokumwe kushanyirana kuitira kuti vadzidzisane vari pasi pechikwata chikuru che ZIMSOFF. Vatungamiri vevarimi vari mubasa iye zvino rokuronga kuzadziswa kwechirongwa che "Mbeu, Ivhu nezveTsika naMagariro" chinoda kugoverana ruzivo nevamwe panyika pano pose. Nhengo dzinotenda kuti kunzvimbo dzose panyika pano pakanaka kudai kune varimi vadiki, varume namadzimai vanodyara mbeu dzepasi chigare uye vachidzichengetedza, uye vachichengetedza minda yavo kunge munhu mupenyu. Vanorima zvirimwa zvavo vachishanda nesimba, vachivimba noruzivo rwavo rwepasi chigare, uye vanotenda kwazvo zvinokosha zvepamweya, naizvozvo zviri hwaro hwokusimba kwavo.*

*Kubudikidza nokukurudzira zvokudzisa kwomumwe murimi achidzidzisa mumwe murimi, uye nokugoverana, muchikwata chikuru cheZIMSOFF, veChikoro cheShashe chezvoKuchengetedza Zvinowanikwa muNharaunda dzeVarimi vari kukurudzira kurimwa kwembeu diki dzinogona kukunda mamiriro okunze anenge akaomarara. Varimi vanorima semhuri vakawana nzira dzavowo dzokuti vakunde dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze dzokuchengetedza ivhu, nemvura uye, kurimwa kwemiti uye nokuchengetedza zviwanikwa zvine chokuita netsika namagariro evanhu. Vaachida kutonga zvinoitwa mune zvokurima: nhengo dziri kurima mbeu diki dzinogona kukunda kushayikwa kwemvura yakakwana dzinosanganisira mhunga, mapfunde, nzungu, nyemba, sesame nenyimo, uyewo nemufarinya. Varimi vakatangawo kuchengeta zvipfuwo zvidiki zvakaita sembudzi, hwai, nguruve, huku dzokumaruwa uye nehanga.*

*Vamwe varimi vanorima semhuri vari muChikoro ichi vava kuedza kutanga kurima mupunga mune imwe mnzvimbo yakaoma inowana 400-600 mm mvura nunwaka yakanaka, Mumwe wenhengo idzi akatanga chinhu chitsva muna 2002 akachera makomba okuwana nawo mvura achipoteredza*


*minda kuti arwise kushanduka kwemamiriro okunze kwaiita kuti mvura yakawanda isanaya uyewo kuti agochengeta mvura pakunenge kwaita mafashamu, Muna 2016, mushure mokuedza marimiro aya nokubudirira, murimi akachera mamwe makomba ndokubva nzvimbo yacho yakura. Iye zvino, mvura yomuvhu yasimukira zvichiita kuti mhuri ikwanise kuedza kurima mupunga. Sora riri kumera munzvimbo dzakapoteredza makomba aya rawanda uye rinoshandiswa kuti mombe dziwane chokudya uye rinoiswa mudanga panguva dzokunaya kwemvura (zvichiita kuti zvirwere zvive zvisoma uye mupfudze uwande). Chinhu chikuru chakaitika ndechokuti murimi uyu akapiwa Mubayiro wa 2017 munyika yeZimbabwe wezveSimba pasi pose (2017 national prize for the Energy globe Award).*

Chinhu chinokosha pane zvokuti vanhu varume kana kuti vakadzi chakataurwa nevarimi vakabvunzwa mibvunzo maererano nezvinowanikwa mukuchengetedzwa kwezviwanikwa munharaunda mukurerutsa zvinotarisirwa madzimai kuti aite nokuti madzimai. Namamwe mashoko, kuwanisa mhuri dzavo zvokudya kwakareruka nokuti kuchengetedzwa kwezviwanikwa munharaunda kwakaita kuti vasatsvaga mari yakawanda nokuti vakanga vava kuwana zvokudya zvakakwana. Varume chete ndivo vakanga vachikwanisa kuwana mari munzvimbo dzevanhu vatakabvunza mibvunzo. Naizvozvo, mhuri padzakasiya zvokurima zvokutengesa dzichirima zvokudya pamba, madzimai akaratidza kufara uye nokunzwa kuchengetedzeka. Kunyange zvazvo pakanga pachida kugadziriswa dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze, kumadzimai, zvokusimudzira chinzvimbo chemadzimai izvi hazvina kubvunza pamusoro pezvinotarisirwa madzimai mudzimba, zvinova zvinoita kuti pave nematambudziko omudzimba, pane zvokuti hapana lkuenzanisira pane zvevari, kana zviru izvo zvinokosha mumhuri. Kusaenzanisira uku kunoonekwa kana izvozvo zvakadaro, asi hazvisi izvo dambudziko asi kuti chiratidzo chokuti dambudziko riripo. Zvinoda kuonekwa kuti pane zvokushanduka kwe mamiriro okunze, ndedzipi dzimwe nzira dziri pachena dzinoita kuti mabasa aya ezvamadzimai (mabasa akawanda mumba, somuenzaniso)

angakanganisa madzimai zvisina kukodzera, kana dambudziko rava kunetsa.

### **Mashoko okupedzisira pane zvakanikwa**

Muchidimbu, nyaya yokushanduka kwemamiriro okunze uye nezvamatongerwo enyika zviru mukuedza kufambirana nedambudziko ndizvo zvakataurwa nevarimi. Kunyange zvazvo vazhinji vavo vakataura zvavaiita kuti kuti vapedze dambudziko rokushanduka kwemamiriro okunze uye nenzira yataurwa pamusoro, zvevatongerwo enyika pakuedza kufambirana nedambudziko uye nokugadziriswa zvinhu zviva chikamu chezvaidiwa. Kana zvichitariswa zviru zvoga, zvinhu izvi hazvingaonekwi sezvamatongerwo enyika,. Zvintozodaro kana zvabatanidzwa. Somuenzaniso, kurima mbeu dzakasiyana-siyana hakusi kwematongerwo enyika nokuti kunobatsira pakufambira nedambudziko (kuchengetdza ivhu, kana kubatsira mbesa). Asi kana zvikaonekwa pamwe chete nokurwira kuzvitonga pane zvebeu, , kudzivirira kutonga kwemurimi mudiki pamusoro pemabasa ake, uye nemararamiro ake (kugoverana mbeu, kuchengeta mbeu, uye vanhu vake nezvetsika nemagariro ake), tinobva taona kuti zvingashandiswa sei kurwisa matengeserwo ezvinhu anoda kuita sokuti zvinhu zvakareruka uye anoda zvinhu zvioneke sezvokutengesa (kurima mbeu imwe chete yakaita sechibage kana mbeu yokutengesa sefodya). Izvi zvinosimbiswa nemashoko akataurwa nevarimi vokumaruwa sezvakanyorwa pamusoro.



Varimi vadiki vanozvirimira ivo nevanhu  
vari munharaunda, vachinzwisisa kuti  
zvokungotengesa zvinhu hazvivashandiri,  
kunyanya kana mamiriro okunze asingagoni  
kuzivikanwa kuti achava akadii. Ruzivo  
pamusoro pamarimiro okuwana mari  
nezvakunoita mukushanduka kwemamiriro  
okunze runogona kukurukurwa nezvarwo.  
Asi zvinogona kutaurwa ndezvokuti, pane  
zvakanikwa, kunzwisisa zvevatongerwo  
enyika maererano nokushanduka  
kwemamiriro okunze uye nokufambirana  
nedambudziko zvakanikwa varimi vadiki kuti  
vaone mabasa nezvidzidzo zvinokanganisa  
mavambo ezvatongerwo enyika  
okushanduka kwemamiriro okunze kubva  
kune zvinoda kuvakanganisa.

## References

Brown, D., Rance Chanakira, R., Chatiza, K., Dhliwayo, M., Dodman, D., Masiwa, M., Muchadenyika, D., Prisca Mugabe, P. and Zvigadza, S. (2012). Climate change impacts, vulnerability and adaptation in Zimbabwe.

IIED Climate Change Working Paper No. 3, October 2012, <http://pubs.iied.org/pdfs/10034IIED.pdf>

Chagutah, T. (2010), Climate Change Vulnerability and Preparedness in Southern Africa: Zimbabwe Country Report, Heinrich Boell Stiftung, Cape Town, [https://za.boell.org/sites/default/files/downloads/HBF\\_web\\_Zim\\_21\\_2.pdf](https://za.boell.org/sites/default/files/downloads/HBF_web_Zim_21_2.pdf).

Chanza N et al. (2015), Ethical and Justice Reflections in Zimbabwe's INDC and Climate Policies, Second Round Report, Climate Justice, 2015, <https://nationalclimatejustice.org/2015/03/28/zimbabwe/>.

Christopher Chakwana, The effects of climate change in Zimbabwe, blog, 11 Dec 2015, <https://www.oneyoungworld.com/blog/effects-climate-change-zimbabwe>

CLIMATE CHANGE LEGISLATION IN ZIMBABWE, excerpt from Nachmany et al. (2015), The 2015 Global Climate Legislation Study, A Review of Climate Change Legislation in 99 Countries, LSE, London, <http://www.lse.ac.uk/GranthamInstitute/wp-content/uploads/2015/05/ZIMBABWE.pdf>

Climate Change in Zimbabwe – Information and Adaptation, article by Alfred Obed Rankomise, 2 April 2015, via Climate Change in Zimbabwe – Information and Adaptation, Country Reports, Publications, KONRAD-ADENAUER-STIFTUNG (FOUNDATION) ZIMBABWE, Konrad-Adenauer-Stiftung 22 March 2015, [http://www.zimbabwesituation.com/news/zimsit\\_w\\_climate-change-in-zimbabwe-information-and-adaptation-country-reports-publications-konrad-adenauer-stiftung-foundation-zimbabwe-konrad-adenauer-stiftung/](http://www.zimbabwesituation.com/news/zimsit_w_climate-change-in-zimbabwe-information-and-adaptation-country-reports-publications-konrad-adenauer-stiftung-foundation-zimbabwe-konrad-adenauer-stiftung/).

Dodman D & Mitlin D (2015), The national and local politics of climate change adaptation in Zimbabwe, *Climate and Development* Vol. 7 , Iss. 3, 223-234, 2015.

FAO (2016), COUNTRY FACT SHEET ON FOOD AND AGRICULTURE POLICY TRENDS, Zimbabwe, Fact sheet by the Food and Agriculture Policy Decision Analysis (FAPDA), Aug 2016, <http://www.fao.org/3/a-i6022e.pdf>

GOVERNMENT OF ZIMBABWE MINISTRY OF ENVIRONMENT, WATER AND CLIMATE (2014), Zimbabwe's National Climate Change Response Strategy (NCCRS), <http://www.climatechange.org.zw/sites/default/files/National%20Climate%20Change%20Response%20Strategy.pdf>.

GoZ (2010), Medium Term Plan, January 2010 – December 2015, Government of Zimbabwe, Ministry of Economic Planning and Investment Promotion, Harare.

GoZ (2002), Environmental Management Act (EMA Act), <https://www.ema.co.zw/index.php/2014-06-12-03-49-33/2014-06-12-20-59-13/environmental-law-ema-act-2002.html>.



Mutasa, C. (2008), Evidence of climate change in Zimbabwe, Paper presented at the Climate Change Awareness and Dialogue Workshop for Mashonaland Central and Mashonaland West Provinces Held at Caribbea Bay Hotel, Kariba, Zimbabwe, 29-30 September 2008.

Rosset, P; Sosa, B; Jaime, A; Lozano, D (2011), The Campesino-to-Campesino agroecology movement of ANAP in Cuba: social process methodology in the construction of sustainable peasant agriculture and food sovereignty, *The Journal of Peasant Studies*, 38:1

Unganai L. (2009), Adaptation to climate change among agropastoral systems: case for Zimbabwe IOP Conf. Series: Earth and Environmental Science 6 (2009) 412045  
doi:10.1088/1755-1307/6/1/412045.

Zawe, C., Madyiwa, S. and Matete, M. (2015), Trends and Outlook: Agricultural Water Management in Southern Africa. Country Report Zimbabwe, USAID, available at <https://agrilinks.org/sites/default/files/resource/files/Country%20Report%20Zimbabwe.pdf>.

Zim set to establish climate policy, article by Sifelani Tsiko, Senior Writer, Features, Opinion & Analysis, *The Herald*, 18 September 2014, <http://www.herald.co.zw/zim-set-to-establish-climate-policy/>.



Zimbabwe Small Holder Organic  
Farmers' Forum  
(ZIMSOFF)



**AKAFRIKA**  
KONTAKT